"OROL BO'YI SHAROITIDA QISHLOQ XO'JALIK EKINLARI SELEKSIYASI, URUG'CHILIGI VA AGROTEXNOLOGIYALARIDA DOLZARB MUAMMOLAR VA ULARNING INNOVATSION YECHIMLARI"
*mavzusidagi xalqaro ilmiy-amaliy anjuman*

**UDK:632.7+632.9**

# SHAŃǴALAQLI MIYWE AǴASHLARINDAǴI SHIRINJALARǴA QARSI GÚRES ILAJLARIN ÓTKERIW TÁRTIPLERI

**Tóreniyazov Tilewmurat Elmuratovich**
*Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı hám agrotexnologiyalar institutı assistenti*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.17537787

***Annotaciya:*** *Maqalada Qaraqalpaqstan agrobiotsenozı miywe baǵlarında tarqalǵan zıyankeslerdi anıqlaw boyınsha ótkerilgen izertlewler juwmaǵı boyınsha materiallar berilgen. Nátiyjede, aymaqda egilip atırǵan shańǵalaqlı miywe aǵashları túrlerinde ushırasatuǵın zıyankesler arasında, tarqalǵan areallarь, keltiretuǵın zıyanlılıq dárejesi boyınsha shırınjalardıń bir neshshe túrleri qáwipli ekenligi anıqlanǵan. Zıyankesler sanın tuwrı basqarıw ushın alıp barılatuǵın qarsı gúres ilajların tuwrı tańlap, ótkerilgende biologiyalıq paydalılıǵı joqarı bolıp, kútilgen zúráátti alıwǵa bolatuǵın imkaniyatları dálillengen.*
***Kalit sózler:*** *Biocenoz, miyweler, ónimler, bioekologiya, dinamika, sortlar, zıyankes.*

***Annotation:*** *The article presents materials based on the results of research conducted to identify pests prevalent in orchards within the agrobiocenosis of Karakalpakstan. As a result, it has been determined that among the pests found in the branched fruit tree species being planted in the area, several species of lichen species are dangerous in terms of their distribution areas and the degree of harm they cause. When pest control measures are properly selected and implemented, their biological effectiveness is high, and the potential for achieving the desired harvest has been proven.*
***Keywords:*** *biocenosis, fruits, products, bioecology, dynamics, varieties, pests.*

**Kirisiw:** Awıl xojalıǵı eginleri túrleri arasında miywe aǵashlarınıń biocenozdaǵı tutǵan róli biraz ayırmashılıqqa iye bolıp, kóp jıllıq ósimlik retinde, qollanılatuǵın agrotexnikalıq ilajlar boyınsha ózine tán bolǵan ózgeshelikleri menen ajıralıp turadı. Respublikamız sharayatında sońǵı jılları bul tarawdı rawajlandırıw arqalı, barlıq orınlardaǵı miywe aǵashlarınıń úlesin kóteriw, búgingi kúnde ishki bazardan tısqarı, shańǵalaqlı miywe aǵashlarınıń ayırım túrleriniń, taza ónimlerin sırtqı bazarǵa shıǵarıw boyınsha Húkimetlik tapsırmalar tiykarında jumıslar alıp barılmaqda.

Bul baǵdardaǵı alıp barılıp atırǵan jumıslarǵa qaramasdan, Qaraqalpaqstan agrobiocenozında bar bolǵan hám sońǵı jılları payda etilgen miywe baǵlarınan alınıp atırǵan hasıl muǵdarı búgingi talap dárejesinen ádewir pás ekenligi menen, bul baǵdarda tez sheshimin kutip turǵan mashqalalar jetkilikli ekenliginen derek beredi. Usılar arasında, shańǵalaqlılar túrine kiretuǵınlarında zıyankeslerdiń sorıwshı hám kemiriwshi túrleri payda bolıp, sońǵı jılları alınıp atırǵan hasıldarlıqdıń kemeyip ketiwi, ayırım jılları bul túrlerdiń ayırım zıyankesleri, hátteki aldın ushıraspaǵan túrleri payda bolıp hasıldıń tiykarǵı bólegin nabıt etiw jaǵdayları ushiraspaqta.

**Ilimiy jumıstıń izertlew obekti, usılları:** Ilimiy jumıstıń izertlew obekti esaplanǵan shańǵalaqlı miywe aǵashları, olarda ushırasatuǵın zıyankesleri túrlerin, bioekologiyalıq rawajlanıwın, dinamikasın [1,4], keltiretuǵın zıyanlılıq dárejesin [3], ótkerilgen qarsı gúres ilajların [3,5] usınıs etilgen metodik usıllar arqalı alıp barılıp, tájiriybe jumısları [2] berilgen usınıslar tiykarında orınlanıp, talap etilgen dárejedegi juwmaqlar shıǵarılmaqda.

**Izertlewler nátiyjeleri, talqılaw:** Qaraqalpaqstan Respublikası agroıqlım sharayatı abiotik hám biotik faktorları, topıraq dúzilisin esapqa alǵan halda jaratılıp, hasılın paydalanıp kiyatırǵan miywe aǵashları arasında shańǵalaqlılardan erik (Armeniaca vulgaris Lam.), shabdal (Persica vulgaris Mill.), qáreli (Prunus domestica L.), shiye (Cerasus vulgaris.), túrleriniń tiykarınan usı aymaq ushın beyimleskuen sortları egilip alınatuǵın hasılı taza hám qayta islengen túrindegi azıqlıqlar retinde keń túrde paydalanılıp kelinbekde. Ótken jıllardaǵı statistikalıq maǵlıwmatlar Respublikamız boyınsha, 2020-jılı bar bolǵan 6009 ga dan 57853 (96,3 c/ga) t., 2021-jılı 6092 ga dan 61986 (101,7 c/ga) t., 2022-jılı 6139 ga dan 63505 (103,4 c/ga) t., 2023-jılı 6822 ga dan 67918 (99,5 c/ga) t. hám 2024-jılı 2315 ga dan 33550 ( 144,5 c/ga) t. miywe ónimleriniń alınıwı, búgingi kún talabınan ádewir dárejede kem ekenliginen tastıyıqlap turıptı. Bul boyınsha payda bolǵan mashqalanıń tiykarǵı sebeblerin anıqlaw boyınsha alıp barılıp atırǵan ilimiy-izertlew hám baqlaw jumısları nátiyjeleri, búgingi kúndegi egilip atırǵan hám hasıl berip turǵan bunday miywe aǵashları biocenozında keń túrde tarqalıp, ósimlikler azıqları tiykarında tirishilik etip atırǵan kemiriwshi hám sorıwshı zıyankeslerdiń keltirip atırǵan zıyanlılıq tásirinen, alınatuǵın ónimning belgili muǵdarı kemeyip, sıpatı tómenlep atırǵanlıǵın kórsetedi.

Sonlıqdanda bunday miywe aǵashları túrlerinde payda bolıp zıyan keltiretuǵın zıyankesleriniń túrlerin anıqlaw boyınsha kóp jıllar dawamında alıp barılıp atırǵan ilimiy-izertlew jumıslarımız nátiyjesinde, esapqa alınǵan túrlerde shabdal shırınjası (Myzodes persicae Sulz.), úlken shabdalı dene shırınjası (Pterochloroides persicae Chol.), erik-qamıs shırınjası (Hyalopterus pruni geoffr.), alma shırınjası (Aphis pomi De Geer.), ápiwayı órmekshi kene (Tetranychus urticae Koch.), miywe órmekshi kenesi (Tetranychus viennensis Zacher.), miywe qońır kenesi (Bryobia redikorzevi Reck.), túrleri ushırasıp, ayırım jılları bolǵan qolaylılıqlar nátiyjesinde, belgili túrleriniń sanı kóbeyip, úlken zıyan keltiretuǵınlıǵı menen ayırıqsha áhmiyetke iye boldı.

Ótkerilip atırǵan baqlawlarımızda, aymaqdıń arqa rayonları jaǵdayında, 2017-jılı erik 6-aprelde, 2018-jılı 28-mart, 2019-jılı 19-mart, 2020-jılı 14-mart, 2021-jılı 6-aprel`, 2022-jılı 14-mart, 2023-jılı 14-mart, 2024-jılı 24-mart hám

2025-jılı 19-mart sánelerinde miywe aǵashlarınan birinshi bolıp gúlleytuǵın erik sortlarınıń gúllewdi baslaǵanlıǵı esapqa alındı. Bunday túplerde, aradan 5-7 kún ótkende dáslepki japıraqları shıǵıp baslaydı. Bunday shırınjalar túrleri arasında tiykarǵı zıyankesler esabında baqlanǵan erik-qamıs shırınjası aprel` ayınıń úshinshi on kúnliginde erikte rawajlanǵan analıǵı 20,6-31,0 kún dawamında tirishilik qılıp, 67,3 dana tiri áwlatların tuwǵanlıǵı, may ayınıń birinshi on kúnliginde 16,0-28,3 kún dawamında 74,4 dana, ekinshi on kúnliginde 15,3-27,7 kún dawamında 68,7 dana tuwıp ǵalaba kóbeyip zıyan keltirgenligi, zıyankestiń júdá aktiv rawajlanıw bioekologiyasına iye ekenliginen derek beredi.

Usı orınlardaǵı shabdalda erte báhárden baslap rawajlanıwda baslaǵan shabdal shırınjası analıǵı aprel` ayınıń úshinshi on kúnliginde 13,0-21,0 kún dawamında tirishilik qılıp, ortasha 30,3-32,4 dana tiri áwlatların tuwǵanlıǵı, may ayınıń birinshi on kúnliginde 11,6-20,6 kún dawamında 28,3-30,1 dana, ekinshi on kúnliginde 12,1-20,2 kúnde 28,4-28,6 dana tuwǵanlıǵı, japıraqlarda tarqalǵan sanına baylanıslı zıyanlılıq dárejesi artıp barǵanlıǵı menen, oǵada úlken zıyan keltiretuǵınlıǵın kórsetedi. Erik hám shabdal túplerinde zıyankes sanı artıp ketken miywe aǵashlarında, usı túrler ushın qollanıw ruxsat etilgen ximiyalıq preparatlardan Kanvidor – 0,03%, Imido – 0,02%, Agro Splan – 0,03%, Killer Super – 0,015%, Tayra – 0,07%, Xektash Maestro – 0,05%, Agrofos-D – 0,07% túrleri isletilgende biologiyalıq paydalılıǵı 96,0-97,0% dárejesinde bolıp, hasıl tolıq saqlap qalınatuǵınlıǵı dálillendi hám ilaj búgingi kúnde óndiriste keń túrde qollanılmaqda.

**Juwmaq hám usınıs:** Respublikamız atızlarında miywe baǵların payda etilgen miywe aǵashlarınan, shańǵalaqlılar túrine kiretuǵınlarında zıyankeslerdiń kóplegen túrleri tarqalıp, hasıldarlıqtı kemeytirip atırǵanlıǵın barlıq orınlarda tolıq túsindiriw kerek. Zıyankeslerge qarsı gúres ilajların shólkemlestiriw ushın erte báhárden baslap eriktiń gúllewin esapqa alıp, qıslap shıqkan áwlatlarına qarsı biolaboratoriyada órshitilgen altınkózdi payda bolǵan zıyankesler sanına baylanıslı 2000 danaǵa deyin, belgilep berilgen usınıslar tiykarında shártli túrde tarqatıp shıǵıw usınıs etiledi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Адашкеевич Б.П. Биологическая защита крестоцветных овощных культур от вредных насекомых.-Ташкент «ФАН»,1983. -188 с.
2. Доспехов Б.Д. Методика полевого опыта –Москва, 1986.
3. Kimsanboev X.X. Biolaboratoriyalarda entomofaglarni kupaytirish. –Toshkent: «Uqituvchi», 2000. –B. 3-32.
4. Танский В.И. Биологические основы вредоносноети насекомых-М: «Агропромиздат».-1988-С 89-150
5. Xwjaev Sh.T. Qishloq xojaligida pestitsidlarni ishlatish hamda tadqiqot utkazish usul va shartlari. –Toshkent: «Zilol buloq» , 2020. –152 b.